



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 07/05/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$200 MILYON DOLA POU PWOGRAM PON NY POU
RENOVE AK RANPLASE PON YO TOUPATOU NAN ETA**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse disponibilite \$200 milyon nan asistans amelyore pou gouvènman lokal yo sou de pwochen ane yo epi ranplase pon ak kanivo nan tout eta. Finansman sa a, ke yo te bay anba insiyativ PON NY, ap anba kontwòl Depatman Sèvis Transpò Eta New York nan Plan Kapital senkan \$21.1 milya dola li. Pwogram PON NY la mete anfas sou pwojè yo ki pral adrese move kondisyon strikti; diminye kantite restriksyon sou detou long yo; fasilite delvopman ekonomik oswa ogmante konpetitivite; ak/sowa redwi risk inondasyon.

"Modènize ak amelyore enfrastrikti transpòtasyon se yon konpozan enpòtan pou amelyore konpetisyon ekonomik New York," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou ede gouvènman lokal yo fè investisman pou asire sekirite ak fyabilite pon yo, pwogram PON NY la pral ranfòse literalman kominote nou yo ak ranfòse vyabilite yo."

Finansman \$200 milyon nan PON NY disponib pou tout minisipalite yo ki otorize pou resevwa epi jere finansman transpòtasyon federal ak Eta. Prim yo pral fèt grasa yon pwosesis konpetisyon e li pral sipòte tout faz yo nan pwojè delvopman sa ki gen ladan konsepsyon dwa pasaj ak konstriksyon. Evalyasyon yo pral baze sou rezistans strikti a, kondisyon strikti ak kanivo pon aktyèl la, ak enpòtans patikilye pon an baze sou kantite sikilasyon, konsiderasyon detou, kantite ak kalite biznis kap sèvi ansanm avèk enpak anjeneral sou komès.

Yap aksepte aplikasyon pou finansman PON NY jiska 9 septanm 2016. Ou ka jwenn aplikasyon yo nan: <https://www.dot.ny.gov/bridgeny>.

Komisyone Deptman Transpòtasyon Eta New York Matthew J. Driscoll te deklare, "Antanke yon ansyen majistra ak konseye, mwen rekonèt ke pon lokal yo konte. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta ap pran etap ki nesèsè pou asire ke rejyon ekonomik divès nou yo grandi ak fè konpetisyon nasyonalman ak entènasyonalman."

Tracy J. Eldridge, Prezidan Asosyasyon Sipè-entandan New York State County Highway te deklare "Gouvènè Cuomo ansanm avèk lejislasyon yo nan eta nou an merite konpliman pou repons yo sou bezwen enpòtan nan sistèm transpòtasyon nan tout eta epi paske yo te inisyè nouvo pwogram sa yo, PAVE NY ak kounye a BRIDGE NY. Asosyasyon nou an te yon gwo defansè pou yon ogmantasyon nan angajman finansman plizyè ane pou sistèm transpòtasyon lokal la, sa ki gen ladan spesyalman

renovasyon ak ranplasman kanivo yo. Avèk lajan PON NY ki disponib, kòlèg mwen yo ansanm avè m ap rete tann pou n kontinye travay avèk Gouvènè a ansanm avèk Depatman Transpò pou amelyore kondisyon an, sekirite ak fonksyonalite pon lokal frajil nou yo ki aje ansanm avèk enfrastrikti kanivo pou benefis kominote nou yo ak piblik la kap vwayaje."

Prezidan Asosyasyon Sipè-Entandan Vil Otowout Eta New York, ak Vilaj Preble Highway Jeffrey Griswold di konsa, "Wout lokal yo se yon pati enpòtan nan enfrastrikti eta. Preske mwatye kilomèt veyikil yo vwayaje nan Eta New York se sou wout lokal yo. Nan non plis pase 900 Town Sipè-entandan Highways mwen vle etann sensè apresyasyon m bay Gouvènè Andrew M. Cuomo pou lidèchip li nan bay \$100 milyon dola ane sa, e nan chak pwochen twazan grasa pwogram PON NY. Fon sa yo pral ede nou repare ak kenbe plis pase 8,000 pon lokal ak plizyè milye kanivo toupatou nan eta. Bay lajan sa yo ki nesèsè anpil pou pon ak wout lokal yo non sèlman ap pèmèt nou bay yon sistèm transpò ki pi fyab men tou soutni travay – alafwa sektè piblik ak prive - nan pwofesyon ak endistri ki gen rapò avèk otowout."

###

Wap jwenn lòt nouvèl disponib nan www.governor.ny.gov
New York State | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418